

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Wacana mangrupa wangun basa pangjembarna anu hubungan antarkalimahna miboga sipat silih sinambung, kohésif, jeung kohéren. Djajasudarma, (2006, kc.44) jeung Sudaryat (2013, kc.307) nétélakeun yén wacana téh miboga sipat sinambung, kohésif, jeung kohéren. Wacana miboga dua adegan, nyaéta adegan lahir jeung adegan batin, adegan lahir wacana nyoko kana kohési, ari adegan batinna nyoko kana kohérénsi.

Salaku adegan batin, kohérénsi dina wacana medar ma'na semantis anu eusina ngawadahan ide omongan panyatur sangkan pesen anu rék ditepikeun bisa nepi ka pamiarsa kalawan gampang tur keuna. Nalika nulis biasana nu nulis ngaguluyur ngébréhkeun eusi pikiranana bari kurang niténan kana tingkat *kohérensivitas* tulisan. Luyu jeung pamadegan Yaqinah, (2018) yén dina tulisan biasana anu nulis téh sok kurang niténan masalah kasaluyuan tulisan antarkalimah dina paragraf. Ieu hal bisa mangaruhan kana kalengkepan eusi tulisan utamana kana adegan batin dina éta tulisan.

Ayana masalah ngeunaan kasaluyuan tulisan antarkalimah dina paragraf jeung kurang lengkepna eusi tulisan bisa ngabalukarkeun kasalahpahaman nepikeun informasi ka pamiarsa. Ieu hal luyu jeung pamadegan Turahmat, (2015) yén wacana téh gunana pikeun nepikeun maksud panyatur, nalika wacana henteu tuhu kana aspék kabasaan anu hadé tur henteu niténan kana kohési jeung kohérénsi bisa ngabalukarkeun éta wacana teu ngahiji sacara lengkep, moal ngirut, jeung informasi nu ditepikeun ku panyatur ogé moal nepi ka pamiarsa. Darmawati, (2012) ogé nétélakeun yén nalika aya kasalahan dina kohési jeung kohérénsi bisa ngabalukarkeun pamahaman pamiarsa moal nepi kana maksud panyatur. Contona dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* édisi 2702 aya paragraf:

(1) Enjit, kitu katelahna ku dulur téh! (2) Éta téh sesebutan ka manéhna ti incu-incuna. (3) Enjit nelahkeun sesebutan incuna ala urang Arab nu nyebut ka akina téh kitu. (4) Ngadéngé beja kitu, sajongjongan mah kuring hereugeueun, asa percaya asa henteu. (5) Ngan basa tatangga ribut nyaritakeun manéhna maot, kuring kakara percaya, ki sobat tilar dunya!

Katitén dina éta paragraf miboga tujuan pikeun nepikeun informasi ngeunaan jalma nu ngadéngé béja aya nu maot. Tapi, tujuan komunikasi panulis bakal ngabalukarkeun ayana kasalahpahaman nalika nepi ka nu maca sabab paragraf di luhur henteu kohéren atawa henteu miboga tatali harti dina antarkalimahna. Pangna éta paragraf dianggap henteu kohéren sabab kalimah (1) - (3) nyaritakeun ngeunaan Enjit, tapi kalimah (4) jeung (5) ujug-ujug nyaritakeun ngadéngé béja nu maot.

Kohérénsi référénsial réa kapanggih dina wacana, boh dina wacana lisan boh wacana tulisan. Wacana lisan mangrupa media anu biasa dipaké pikeun nepikeun maksud atawa informasi ti panyatur ka pamiarsa sacara langsung ngaliwatan pakakas ucap dina obrolan sapopoé, ari wacana tulisan mah nalika nepikeun maksud atawa informasi ti panulis ka nu maca sok maké média tulisan saperti ngaliwatan buku, koran, majalah, jsb.

Majalah *Manglé* mangrupa majalah anu maké basa Sunda. Aya sababaraha rubrik anu dipidangkeun dina majalah *Manglé* di antarana rubrik Implik-Implik, *Manglé* Rumaja, Kolom, Barakatak, jrrd. Rubrik “Kolom” dina majalah *Manglé* taun 2018 dipilih jadi sumber data dina ieu skripsi sabab rubrik “Kolom” mangrupa artikel populér, eusina midangkeun sawatara artikel populér ngeunaan fenomena umum anu keur karandapan ku masarakat, rubrik “Kolom” ogé bisa dipaluruh ngeunaan kaayaan kohérénsi réfénsialna.

Panalungtikan séjén anu ngarojong ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Rahmawati (2017) ngeunaan kohési jeung kohérénsi wacana *Pembaca Menulis* dina Jawa Pos. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén aya lima jenis kohési leksikal jeung sapuluh wanda kohérénsi nu kapanggih dina éta panalungtikan nyaéta kohérénsi sarana-tujuan, *alasan-tindakan*, *sebab-akibat*, *akibat-sebab*, *makna-alasan*, generik-spesifik, *syarat-hasil*, parafrastis, implikatif, jeung *adiktif*. Lian ti éta, aya ogé panalungtikan anu dilaksanakeun ku Gozayah & Insani (2018) ngeunaan kohési jeung kohérénsi koran *Bisnis Indonesia* dina wacana anu judulna *Kemenperin Jamin Serap Garam Rakyat*. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén dina téks warta tina koran *Bisnis Indonesia* aya kohési anu leuwih dominan nyaéta pronomina (kecap gaganti jalma), élipsis, jeung konjungsi. Tuluy, wanda kohérénsi anu kapanggih dina éta panalungtikan nyaéta tatali *pertentangan*, general spésifik, babandingan, sabab-akibat, tinjauan, jeung rujukan.

Kohérensí référénsial mangrupa salah sahiji kasus adegan wacana anu bisa dijadikeun objék kajian panalungtikan. Ieu panalungtikan téh teu kaasup anyar, sabab saméméhna kungsi aya sawatara panalungtikan dina wangun skripsi anu nalungtik ngeunaan adegan pragmatik wacana, saperti kohési, konjungsi, jeung kohérensí, di antarana skripsi meunang Nisa (2011) anu judulna “*Kohési dan Kohérensí Antarkalimat dalam Wacana Berita di Majalah Panjebar Semangat*” anu medar ngeunaan sarana kohési jeung wanda kohérensí antarkalimah dina rubrik warta di majalah *Panjebar Semangat*, jeung skripsi meunang Yulydawati (2018) anu judulna “*Kohési dan Kohérensí Pada Tajuk Rencana Harian Kompas Edisi Bulan April 2018*” anu medar ngeunaan pananda kohési jeung pananda kohérensí dina rubrik *Tajuk Rencana* dina koran *Kompas edisi bulan April 2018*.

Sacara umum, panalungtikan saméméhna medar ngeunaan kohési jeung kohérensí dina wacana sabab kohési jeung kohérensí mangrupa gunggungan adegan wacana (lahir jeung batin) anu silih pakait. Panalungtikan Nisa (2011) medar ngeunaan wanda kohési jeung kohérensí dina rubrik warta di majalah *Panjebar Semangat*. Kitu deui panalungtikan Yulydawati (2018) sarua medar kohési jeung kohérensí dina wacana *Tajuk Rencana Harian Kompas* ngeunaan wangun *pananda kohési jeung kohérensí* anu kapanggih dina éta wacana sarta dominasina.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarua medar ngeunaan wanda kohérensí sarta niténan dominasi wanda kohérensí dina wacana tulisan jeung sumber data anu dipakéna sarua tina rubrik média citak. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta ditilik tina obyék panalungtikanana ari panalungtikan saméméhna mah medar kohési jeung kohérensí sedengkeun ieu panalungtikan mah medar kohérensí sacara spésifik kana wanda kohérensí référénsial, tingkat kohérensí référénsial, jeung dominasi wanda kohérensí référénsial antarkalimah dina wacana. Pikeun ngungkulan masalah dina ieu panalungtikan dipaké pamarekan pragmatik, anu ngulik konteks makéna kalimah dina wacana katut hartina.

Pentingna ieu panalungtikan ditalungtik nyaéta pikeun maluruh jeung mikanyaho wanda kohérensí référénsial antarkalimah anu nyampak dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018, tingkat kohérensí référénsial dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018, jeung dominasi wanda kohérensí référénsial

dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina cara makéna basa luyu kana kaédah basa anu kohéren (sinambung). Sabab, wacana anu sipatna kohéren bisa nyingkahan ayana kasalahpahaman dina prosés komunikasi basa utamana dina basa Sunda. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “Kohérénsi Référénsial dina Rubrik “Kolom” Majalah *Manglé* taun 2018”.

1.2 Rumusan Masalah

Saméméh ieu panalungtikan dilaksanakeun, aya sababaraha masalah anu perlu diidéntifikasi jeung diwatesanan. Salaku adegan batin, Kohérénsi référénsial miboga ciri husus dina matalikeun antarkalimah sangkan sinambung tur nepi kana maksud panyatur sacara implisit. Kohérénsi référénsial nu diulik dina ieu panalungtikan nyaéta medar jeung maluruh wanda kohérénsi référénsial antarkalimah dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018 dumasar kana tiori Sudaryat (2016, kc. 39) anu ngawengku 1) tatali kausalitas, 2) tatali komparatif, 3) tatali parafrastis, 4) tatali implikatif, 5) tatali idéntifikatif, 6) tatali aditif, 7) tatali généralisasi, jeung 8) tatali résultatif. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé maluruh ngeunaan tingkat kohérénsi référénsial antarkalimah dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018 pikeun mikaweruh kalimah anu henteu kohéren, satuluyna ieu panalungtikan medar dominasi wanda kohérénsi référénsial antarkalimah dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018.

Dumasar kana masalah anu geus diidéntifikasi jeung diwatesanan, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap

- a. Kumaha wanda kohérénsi référénsial antarkalimah dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018?
- b. Kumaha tingkat kohérénsi référénsial antarkalimah dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018?
- c. Kumaha dominasi wanda kohérénsi référénsial antarkalimah dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Nalika ngayakeun panalungtikan, tangtu kudu nangtukeun heula tujuan panalungtikan. Tujuan anu rék diguar sangkan bisa kahontal nyoko kana tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung medar wanda kohérens référénsial, tingkat kohérens référénsial, jeung dominasi wanda kohérens référénsial antarkalimah dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung medar tilu hal, nyaéta

- a. wanda kohérens référénsial antarkalimah dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018 anu ngawengku 1) tatali kausalitas, 2) tatali komparatif, 3) tatali parafrastis, 4) tatali implikatif, 5) tatali idéntifikatif, 6) tatali aditif, 7) tatali généralisasi, jeung 8) tatali résumatif;
- b. tingkat kohérens référénsial antarkalimah dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018; jeung
- c. dominasi wanda kohérens référénsial dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Sacara umum, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat sacara teoritis jeung miboga mangpaat sacara praktis.

1.4.1 Manfaat Téoritis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat téoritis, kayaning ieu dihandap

- a. bisa ngabeungharan pangaweruh dina ulikan basa utamana adegan wacana dina ulikan analisis wacana;
- b. bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang basa utamana pikeun tuturus kaédah basa dina media cetak basa Sunda; jeung
- c. bisa dipaké jadi référénsi pikeun panalungtikan élmuning basa séjén.

1.4.2 Manfaat Praktis

Dina ieu panalungtikan aya sawatara mangpaat praktis, nyaéta

- a. pikeun média pers

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan référénsi dina ngalarapkeun kohérénsi référénsial dina wacana.

- b. pikeun masarakat

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké pikeun ngalegaan pangaweruh masarakat kana wanda kohérénsi référénsial anu nyampak dina wacana;

- c. pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngalegaan pangaweruh nu nalungtik dina mikawanoh kaayaan wanda kohérénsi référénsial anu nyampak, tingkat kohérénsi référénsial, sarta mikanyaho dominasi wanda kohérénsi référénsial dina wacana anu dipaluruh.

- d. pikeun dosén/guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan référénsi pikeun panalungtikan basa atawa jadi référénsi pikeun bahan ajar.

- e. pikeun mahasiswa/pelajar

Ieu panalungtikan bisa dipaké référénsi pikeun panalungtikan basa séjén jeung nambahan pangaweruh pikeun maluruh kabasaan, utamana dina medar kohérénsi référénsial dina wacana.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan dibagi jadi sababaraha bab, di antarana aya bab I, bab II, bab III, bab IV, jeung bab V.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan atawa struktur organisasi panalungtikan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir anu eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu dijadikeun tatapakan panalungtikan sarta nangtukeun posisi masalah nu ditalungtik dina hiji widang paélmuan. Ngabandingkeun jeung panalungtikan Saméméhna, jeung raraga mikir anu nyindekkeun ulikan tiori.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan, nyaéta analisis data nu patali jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan, jeung pedaran atawa analisis nu dipatalikeun jeung téori-téori dina bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngadéskripsikeun kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.